Nomer 38 Salasa 22 Maart 1927 (18 Poewasa 1345) Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Advertentie boboran Siam.

Oepami djoeragan-djoeragan ngintoenkeun kartjis djenengan sareng artos f 0,50 atanapi parangko pangaos f 0,50 djenengan djoeragan dilebetkeun kana Sip. tjontona:

R. Kd. SASTRAWIKARTA

njoehoenkeun sih pangaksami ka sadaja 1 Sawal 1345.

Ngintoenkeunana paling lat 20 sasih Siam, bilih teu kalebetkeun kana Sip. noe medal ping 1 Sawal.

## Hol. Inl. Kweekschool.

Tangtos seueur anoe parantos oeninga, jen ajeuna Onderwijs Raad keur ngabarempagkeun ngadegna H. I. K. koemaha atoerananana sareng koemaha pangadjaranana.

Eta H. I. K. teh nja eta sakola geusan ngajakeun goeroe H. I. S. ngagentos Kweekschool sareng H. K. S. anoe aja ajeuna.

Oepami parantos ngadeg H. I. K. tangtos pisan H. K. S. sareng Kweekschool anoe aja ajeuna bakal dileungitkeun, diboerak.

Nalika vergadering Volksraad taoen poengkoer, parantos dipoetoes jen H I. K. mah onderbouwna (dadasarna) sanes Mulo anoe aja ajeuna, nanging kedah misah boga onderbouw sorangan, anoe ngahiji sareng onderbouwna (vak afdeeling).

Ari Kweekschool pikeun oerang Eropa sareng bangsa Tiong Hoa mah onderbouwna teh nja Mulo tea.

Nja kantenan pisan, koe balad oerang di Volksraad oge geus diperangan, soepaja disaroeakeun bae pada Mulo anoe djadi onderbouwna, H. I. K. oelah sina mingsal sorangan, tapi balad oerang kadeseh, kasoran koe kaom P. E. B. anoe mikabojong soepaja H. I. K. mah misah onderbouwna. Ari vak afdeelingna mah geus poegoeh deui kabeh (tiloeanana) koedoe pada misah teh.

Oerang Eropa sareng Tiong Hoa anoe harojong djadi goeroe teh kodah asoep heula ka Mulo, ti Mulo kakara meunang asoep ka Kweekschool, vak afdeeling tea, lamina 3 taoen. Djadi sareng di Mulo mah 3 + 3 = 6 taoen lamina

Keun bae lanan pikeun oerang Eropa sareng Tiong Hoa mah, ajeuna oerang njarioskeun ieu bae H. I. K. tea, nja eta Kweekschool keur H. I. S. keur bangsa oerang.

Moerid H. I. S. anoe hajang djadi goeroe, lamoen geus aja di kelas 7 teh lain ka Mulo losna, tapi ka onderbouw Kweekschool (Afd A).

Anoe bisa asoep ka Afd A tea ngan woengkoel moerid anoe boga verklaring ti goeroena pikeun asoep ka klas I Mulo, hartosna koedoe anoe katjida pinterna, nepi ka lamoen asoep ka Mulo teu koedoe ka Voorklas heula

Noemoetkeun atoeran ieu, djadi moerid kl 7 H. I. S. anoe rek djadi goeroe, lamoen teu meunang verklaring toelating Mulo, nja koedoe ka Voorklas Mulo heula sataoen ti dinja kakara bisa ditarima (pindah deni) Kweekschool Afd. A. tea.

Afd A lamina 3 taoen, disamikeun hargana sareng Mulo; pangadjaranana rada benten ti Mulo, tapi teu sakoemaha. Di Afd A diadjar basa Inggris 4 djam saminggoe, oenggal kelas, basa Soenda, Malajoe, geus poegoeh deui Walanda mah da loeloegoena

Bentenna sareng Mulo babakoena djoemblah seueurna djam basa Walanda.

Tapi lataran Afd. A Kweekschool mah internaat, nja aja oge pangharepan kana njoesoel mitjeun kakoeranganana.

Satamatna ti Afd A anoe sami sareng Mulo tea, pindah ka bovenbouw (klas 4—5—6), lamina 3 taoen saparantos Mulo.

Osvia, koe koemisina kapoengkoer dipoetoeskeun lamina diadjar ngan bakal 2 taoen sanggeus Mulo djadi ngan 2 kelas. Ari ajeuna Kweekschool aja 3 kelas (3 taoen sanggeus Mulo), kantenan pisan poetoesan koemisi Osvia 2 kelas tea oge bakal dirobah deui djadi 3 kelas. moal enja Osvia nepi ka koedoe aja disalandapeun Kweekschool.

Bovenbouw Kweekschool sami bae sareng Osvia anjar tea pada didjadikeun Middelbaarschool, sarta tangtos goeroena Leeraar anoe baroga Middelbaar akte, sanes goeroe biasa.

Koe lantaran tanagana balad oerang di Volksraad kawasna, bangsa oerang oge meunang asoep ka Europeesche Kweekschool sarta ditangtoekeun reana teu meunang leuwih ti 25% tea, tina djoemblahna moerid kabeh.

Di Vakafdeeling Kweekschool tea (boven bouw) lian ti basa Walanda neraskeun diadjar basa Soenda (di Djawa, basa Djawa), basa Inggris basa Duitsch deui. Kantenan pisan paedagogiek sareng elmoe-elmoe anoe sanes henteu tinggaleun.

Basa priboemi anoe diadjarkeun di dinja bakal loehoer, da djeung ngandoeng pangadjaran cultuur oerang tea deui, malah wartosna oepami tjios bade nganggo oudjavaansch (basa koena) sagala roepa.

Loehoerna pangadjaran, pangadjina sami sareng Kweekscheol pikeun bangsa sanes.

Tah eta kitoe rarantjangna H. I. K. teh.

Mangga, saha anoe bade ngiring nimbang.

### Leerplan Hol. Inl. Kweekschool.

Bovenbouw.

| Vakken | 1e. kl. | 2e. kl. | 3e. kl. | totaal. |
|---|---|---|---|---|
| Ned. taal | 8 (1) | 8 | 10 | 26 |
| Landstaal | 4 | 3 | 4 | 11 |
| Duitsch | 2 | 1 | 1 | 4 |
| Engelsch | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Rekenen | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Wiskunde | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Schrijven | 1 | 1 | — | 2 |
| Geschiedenis | 4 | 3 | 2 | 9 |
| Aardrijkskunde | 4 | 4 | 2 | 10 |
| Natuurkennis | 4 | 4 | 4 | 12 |
| Zang | 3 | 3 | 2 | 8 |
| Teekenen | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Licham. Opvoed. | 3 | 3 | 3 | 9 |
| Opvoedkunde | — | 4 | 4 | 9 |
| Handenarbeid | 1 | 1 | 1 | 3 |
| TOTAAL | 42 | 43 | 42 | 127 |

(1) Seueurna djam pangadjaran dina saminggoe. Anoe ngadjarna Leeraar.

### Hol. Inl. Kweekschool.

Onderbouw.

| Vakken | 1e. kl. | 2e. kl. | 3e. kl. | Totaal |
|---|---|---|---|---|
| Nederl. taal | 8 | 8 | 7 | 23 |
| Landstaal | 3 | 3 | 3 | 9 |
| Maleisch | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Engelsch | 4 | 4 | 4 | 12 |
| Rek. en Wiskunde | 8 | 7 | 7 | 22 |
| Geschiedenis | 2 | 3 | 3 | 8 |
| Aardrijkskunde | 3 | 2 | 3 | 8 |
| Natuurkunde | 1 | 2 | 2 | 5 |
| Dierkunde | 1 | 1 | 1 | 3 |
| Plantkunde | 1 | 1 | 1 | 3 |
| Teekenen | 2 | 2 | 2 | 6 |
| Zingen en Muziek | 1 | 1 | 1 | 3 |
| Handenarbeid | 1 | 1 | 1 | 8 |
| Gijmnastiek | 3 | 3 | 3 | 9 |
| TOTAAL | 40 | 40 | 40 | 120 |

## Njoehoenkeun toeloeng

Manawi karangoengan Sipatahoenan No. 25, 28 sareng No. 29, tahoen I (3 nomer) njoehoenkeun dikintoen ka Red. Sip.

**Redactie.**

## Gede hate.

Noe kaseboet somah, saha noe teu giak, ngabarakatak, adjroeg-adjroegan! tina koe atoh-atohna, boengah - boengahna matja Sipatahoenan No. 35, beeah manahna Djoer. Soeriakartalegawa bab: „Padjeg anjar" tea.

Estoe dipake oear-oear ka babatoeran bawaning koe panoedjoe, tjotjog! Kitoe tah pipokeun teh, waktoe ningal pamoendoetna Djoer. Poerwanagara teh. Ngan nja eta tea atoeh, kaoem koering mah sagala ge ngan bati hate, debatna ngan di pipir bae, ngedalkeun ka tengah mah sok risi djeung inggis bae, ma'loem sieun teu panoedjoe djeung kapalajna menak tea, toengtoengna ti batan meunang pala teh meunang paloe.

Lamoen seg rea kaoem menak noe sok ngakoe djadi bapana somah tjara Djoer. Soeriakartalegawa (Djoer. Wadana Soreang) melaan dina lebah rek dikitoekeunana, koering pertjaja moal rea noe biloek ka oerang Digoel! leu oebar noe tjara kieu leuwih mandjoer tibatan njaram oelah asoep kana pakoempoelan komunis, da boektina geuning noe koe oerang geus disangka mareman teh, dina November kamari mah sakitoe reana. Ari sababna kawasna ngan oekoer „oelah asoep", sabab eta teh. . . kieu! kieu! Henteu ditjoektjroek naon sababna pangna kapintjoet, pangna bariloek. Rea anoe njarita; resep kenet oendjoekan kapanasaran ka pangagoeng noe laloehoer, tibatan ka menak-menak tahapan handap. Dina papariosna alon, kaharti, henteu pondok njogok; djeung aja sari deudeuh, henteu perenges haseum. Tjoba lamoen kabeh ti loehoerna nepi ka handapna niroe, noelad soengapanana, beak henteu kalawan koe ditjaram, toempoer sorangan pakoempoelan-pakoempoelan noe rek ngoesoetkeun nagara teh.

Koering golongan noe ngahormat kana ajana roepa-roepa raad (Regentschapsraad dj. s. t.).

Oepama aja noe njeboetkeun: Koe ajana rat-rat teh lain pisenangeun, tapi bakal nambah-nambah kabeubeurat somahan bae. Djeung sok aja noe ngirataan: Koe reana rat-rat teh bakal: roetret - teketet - proetpret sagala".

Eta sok dibongbolongan koe sateka teka, sabisa-bisa koering, sangkan hatena aja kapertjajaan kana eta Raad-raad tea. Moenggoeh kakoeranganana mah koe sarerea ge geus diarakoe, da samporet, heureut teuing watesna tea, tapi kapan eta teh omeaneun, henteu koedoe ari nepi ka dieuwehnkeun deui mah.

Aja gerentesna djalma-djalma noe nengetan kana rereana noe geus dipaledar koe elid-elid dina koempoelan-koempoelan R. K. „Soesah milihna di mana engke geus toetoep disna noe ajeuna, sabab rea noe pahioes, soelaja reudjeung wangwangan. Ditoeloep bakal ngontjrang, tjlok ti dieu, doemeh hampang ngalongkewang, henteu kariugkoes koe kapangkatan, ah soelaja ngabepbep, djeung tjlok ti ditoe. Aja oge noe disangka, eta mah moal sabaraha menitna (haroesna) da beurin koe letah, bet haroes geuning". Djadi atoeh ajeuna mah oelah toekoeh koe doemeh partikoelir-menakna, tapi mana bae noe enjaan boemelana, ti kiwari boeroe-boeroe tjaletjeran.

Oelah salah paham lain oerang emboeng dipadjeg, da koedoena! di mana-mana ge aja padjeg mah, ngan noe disoehoenkeun teh oelah teuing. Ajeuna karasana padjeg beurat teuing teh, lain koe noe ngalakonan majaran bae, tapi kapan koe Koemisina padjeg ge (Toean Meijer Ranneft), geus kaoeninga

Dileungitkeunana hoephel taoen ieu nadjan tjan aja bewara katetepanana ka desa-desa, djadi kaboengahan gede ka sakabeh noe nanggoeng eta kabeubeurat, asal poma oelah dibobodo, ditjaboet hoephel diganti koe padjeg sedjen, tai laoek-piritan. Teu atjan belewek moen hantjeugan tea mah, kakara ngabarak dihareupan, geus aja noe moendoet, dipoeloet deui, bakal anoe, bakal anoe. Saha atoeh noe teu harendeg, lebah dinjana mah, abong-abong!! Moega - moega koe rat ditolak.

Pikeun gadjihna pamarentah desa, koering moepakat sakoemaha noe kaoengel dina P. P. No. 62 taoen 1926 noe ringkesna kieu:

Gadjih pikeun kapala-kapala desa. Sadaja pada oeninga, jen kapala-kapala desa di P. Djawa djeung Madoera teh henteu digadjih.

Noe minangka boeroehna, nja koe peresen tina panarikan padjeg. Kaoentoengan tina hoehoek leutik mah saperti: boeroehan njieun katerangan, soerat djoeal meuli tanah at. hewan, teu beunang ditangtoekeun.

Babakoena noe djadi panarik pangna daraek djadi Loerah teh, koe lantaran boga peresen tina moengoet padjeg tea. Ari padjeg tea roepa-roepa, aja p. kasab, p. tanah, p. potong djeung p. hoephel.

Koe sabab katimbang perloe, dina taoen 1927 padjeg hoephel teh baris dileungitkeun, reana 12 malioen roepia. Djadi tangtoe kaoentoengan Loerah-Loerah tina peresen teh ngoerangan. Koe sabab eta perloe dipikir enja-enja, sabab moestail noe digawe teu diboeroehan. Pendekna maranehanana teh koedoe digadjih.

Bedjana Pamarentah Agoeng moepakat, kapala-kapala desa digadjih noeroetkeun gede leutikna desana.

(*)

## Ti pipir hawoe.

Paeh mah ngan karo boeh.

Bedjana dina samemea padjeg mah nja eta dina alam tjoeke di mana oesoem diboeat teh tingkoeroeboet djoeroetulis tjoeke—moen ajeuna mah taksiran mantri balasteng noe sok marios rorompok padjegeun tea—mek si pare beubeunangan diboeat saanoena saanoena.

Naradjang di kaoem tjolonosisme, tangtoe koe „oles-oles" bae mah ketjemekan, komo dina tempat-tempat noe dina oesoem panenna tjara ka koelonkeun mah, ma'loem paginding-ginding tjara lebaran bae.

Alam harita, da keur prah kitoe djamanna, teu matak koemaha, malah radja-radjana oge geuning djaman baheula pisan mah, dina wawatjan wawatjan koena, noe djadi sabab peperangan teh, ngan mareboetkeun noe kitoe bae rereana mah.

Gelenjoe ngalamoen, moen Gelenjoe djadi djelema baheula, sarta harita geus aja pangkat toekang madjeg harta banda (imah), ah ti batan djadi djoeroetoolis tjoeke noe sok aproekaproekan ka sawah mah, mending rekes kana toekang ngabalasteng imah bae.

Lah, baja reeaaa keur dadakoe teh! Di anoe aja noe monjas - monjas, herang-herang. . . . . . teang deuh! api-api bae mariksa kakajaananana, padahal nomer wahidna mah, aja noe di waterhond. Hari besar, minggoe ge mariksa bae.

Bisi dinaha-naha, ngadjaga pitenah ti toekang ngoropak - ngoropakkeun mah gampang, asal didjedjeran koemang Poendoeh bae, toekang soemoehoen dawoeh, soemoen dawoeh, nambahan sinar!

Ah! resep . . . . . .hatam. ngarah naon deui di doenja mah ngan tiloe roepa: dahar make djeung kasoekaan gilaj daj. Djempolna!!

Astagfiroollah Haladim . . . . . bit, bit hadena bae, ngalamoen! lain enjaan; toeroeg toeroeg noe dilamoenna oge baheula lain ajeuna. Ajeuna mah atoeh geus lain djamanna, geus harideng! Roengseb katendjona oge, njanoen!

Gelenjoe

(*)

Pikeun gadjihna dina begrooting taoen '27 disadiakeun reana 6 malioen roepia

* * *

Moepakatna mah eta noe 6 malioen roepia teh lain keur kapala desa bae tapi keur pamarentah desa (djroetoelis Poendoeh deui).

Saeutik-eutik oge ari sarerea mah moal sisirikan,

Lamoen djadi doeanana: hoephel leungit, pamarentah desa digadjih koe Goepernemen, taoen 27 teh taoen noegraha.

P.

## „Padjeg anjar"

Pikeun koering moepakat pisan loerah-loerah teh hajang digadjih moeng bae hojong ngabantoen pigadjihennana ngabantoen ti pendoedoek sanes tina Herdines djadi sakoer pendoedoek eta dessa teu perdoeli bangsa naon, kedah ngagadjih ka Loerah, asal eta djalma geus bisa ictiar, sapertina toekang sate, toekang soto, tahoe, lotek, djeung lian-lianna deui ti eta sabab manehna oge mindeng kaperloeanana dioeroes koe Loerah atawa sakoer anoe dioeroes

koe Loerah noe perloe make Loerah koedoe ngagadjih, soegan paling gede f 5, – paling leutik f 0.50 dina sataoen.

Leungit gawe dessa, ronda, tjarik, pantjen! Kekengingan djalma sakaboepaten dikoempoelkeun di kaboepaten sakoerangna kedah ditambah tina artos Loemboeng dessa, Bank dessa, Passar dessa, sareng rea-rea deui hasil dessa, saperti sewaan pangangonan sareng rantja-rantja. Tapi Loerah hajang bisa digadjih f 100,— f 75.— f 50,— 1 boelan djaba persen-persen tina padjeg-padjeg (pangasilan ti Kg Goepernemen). Katjida pisan koering hajang gadoeh Loerah anoe njoekoepan kana kaperloean kaloerahan, sabab diemoet koe sim koering sadaja damel djalma teh ka Loerah bae, saperti hal sakola Loerah, hal tani Loerah, Poelisi Loerah, kasehatan Loerah, hal doeit padjeg Loerah miloe-miloe bae, djeung djaba ti eta, djadi tetela Loerah kedah bangsa anoe pinter djeung bener anoe matak gadjihna kedah pantes, ari njieun Loerah rek didjieun saperti oepas mah ampoen, hajang soteh gadoeh Loerah eta kaloearan sekola dagang Milo K. W. S. djeung sakola Doctor soegan lamoen gadjihna pantes tangtos kersaeun, sababna kieu. Saperti kaloearan K. W. S. atawa Opziehter kersa djadi Loerah katjida oentoengna somah.

Djaba ti gadjih teh, andieunna bisa ngoeroes dessa djeung tatangga dessana tina perkara imah tangtoe beres djalma noe beunghar bisa meuli gambar pikeun imah ka djoeragan koewoe djeung bisa oge dioeroes koe djoeragan koewoe toer make bajaran noe sami-sami soeka, sakola doctor oepami djadi Loerah ari oentoengna sanes saeutik, kadjaba gadjih teh, noe gering meuli oebar ka djoeragan koewoe, noe ngadjoeroe ka djoeragan koewoe djeung noe soenatan oge dioeroes koe djoeragan koewoe, eta djadi oentoeng doea-doea pihak djeung djadi oentoeng oge ka kaugdjeng Goepermen.

Dina koempoelan katjamatan atawa di kawadanan tangtoe moal sadaja-sadaja bae, tangtoe bisa nganggo pikiranana koe andjeun anoe dirasa hade, djadi dina sagala bal tangtoe Loerah bisa badami sareng noe djadi doenoengan pikeun njalametkeun dessana. Sareng pendoedoekna noe palinter kaseboet diloehoer lamoen tjinta bangsa tangtoe ka pajoen sami kersa djadi Loerah teh oelah saperti ajeuna Embe diadoekeun djeung maoeng.

Perkara Loerah narik doeit sareng kaoentoengan ponggawa dessa eta loba loba sababna, 1 sabab Loerah terang jen eta ahdina keur soesah. saperti sawahna, hoemana keuna tjilaka tangtoe henteu kawawa mentana, ari teu dipenta da poegoeh dahareunana, nja dipenta djeung sabar bae nja aja oge lantaran kieu somah teu mere teh lantaran pribadina geus roemasa, Loerah sok aja dina saban taoen katinggalan padjeg. nja sok di benjeng koe somahanana, tah ieu kawasna anoe matak koerang keras teh aja rasa djeung roemasa.

Lain sababna dipilih koe somah djeung Loerah digadjih ti somah eta lain, ari kitoe mah boro-boro noe djadi Loerah dalah menak-menak oge nja kabeh oge gadjihna teh nja ti somah djalanna kieu, saperti koering di padjeg harta banda pangasilan tanah sareng djaba ti eta, dina hate koering mikeun eta doeit bari ngomong, mangga njanggakeun eta artos, moeng njoehoenkeun diraksa milih koering diri koering djeung pikiran koering, anoe matak Goepermen ngajakeun B. B.amtenar soldadoe djeung sakolaän.

Djadi tetela somah njaho jen gadjih teh ti somah, ngan sawareh noe djadi menak teu roemasa.

Dina pilihan Loerah emoetan kedah tetep dipilih koe somah bae, sabab noe ti loehoer ajeuna ngadjak babarengan ngoeroes ngaheujeuk ka somah, ari ieu oelah tergantoeng ti somah djadi asa patoekang-toekang sareng kersa noe ti loehoer, deui dina pilihan Loerah teh kapan aja koemisi djadi lamoen kadjadian kitoe eta bougohna koemisi atawa aja kong ka likong. ari Loerah koedoe saperti oepas mah pendek sapeser oge narah ti ajeuna!

„Pedah Herdines di leungitkeun tjenah senang" engke heula oelah waka. njeboet senang, kapoengkoer Gadjih noe djadi Wadana moeng f 260, tapi ajeuna make f 500.— tah noe djadi djoeragan Wadana mah senang ajeuna f 500.— da kapoengkoer mah moeng f 260.—

Koemaha ari somah baheula sareng ajeuna? Baheula Bapa koering njieun imah teu make bajar adegan, teu make majar padjeg harta banda tjitjing di imau teu dikasab (kasenangan) boga koeda adoe teu dipadjeg, teu aja opsenten teu aja inlanse perponding nongton bioskop teu dipadjeg (?) meuli kerek oge bareto mah ngan tiloe peser, tapi ajeuna mani 3 cent da eta tjenah asoepna eta barang ka Djawa di padjeg atoeh toekang dagang teh kapaksa naekkeun harga djeung rea-rea deui tah ieu teh lantaran gadjih galede teuing, djadi beurat ka Somah.

Perkara kaoentoengan loerah (somah aja noe teu majar eta koe loerah sok dilapor ka djoeragan tjamat ka djoeragan Wadanana tapi sok radjeun aja noe ngabaekeun teu pati ngoeroeskeun. Ari sababna kawas-kawas kieu: Lamoen dioeroeskeun heula kaoentoengan loerah sieun padjeg elat, saperti Bank dessa, katjida pisan noeloengna kana padjeg, elat majar padjeg sedekeun kana Bank dessa nja bisa majar padjeg, tapi Bank dessa teu bisa majar, kapaksa katel seeng djoeal pikeun majar, tah koemaha ari kitoe?

Kadjeun da padjeg mah beres! Tjoba lamoen Bank dessa euweuh bisa djadi seeng katel teh keur padjeg, djadi ajeuna somah teh, salah kana Bank, bener kana padjeg, nja noehoen!

Oge kabajang teh, noe djadi Loerah di tetepkeun 5 taoen kedah di pilih deui, lamoen kapilih nja teras lamoen henteu liren soegan matak ngadjadikeun sae.

Nembongkeun kabajang koering

**H. Proewito.**

---

## Ngeunah Ehe teu ngeunah Eon.

Na aja boengah, kakara koe bedja oge, meureun tjeuk mang loerah, moen kadjadian teh rek digadjih meureun eusi sakoe teh rada bae kekerentjengan, da aja eusian, oelah tjara ajeuna noe djadi loerah teh ngan panoedingan oerang dajeuh bae, dipadjarkeun moenel, gede oentoeng, kahasilanana ti ditoe ti dieu, padahal moen ditjoektjroek mah moal datang ka teu aroeninga kabeuratna noe djadi loerah teh, estoe kaoentoenganana teu satimbangan djeung gawe, nja aja oge noe poengkil tapi teu loba, parandene kitoe koe noe njeboet teu pahameun kasjaan desa mah madjarkeun gede pangasilanana.

Panoedjoe, panoedjoe. malah sabehditoeeun panoedjoe, moen loerah-loerah djadi digadjihna teh, tapi orokaja bet divoorstelna ti somah deui ti somah deui bae kaoentoenganana loerah teh, djadi henteu leungit kabeurat noe leutik teh, leungit Hoofdgeld, ganti noe sedjen, ah rada teu katji, leungit mah sina leungit bae oelah diganti koe sedjen roepa, da somah teh beurat, beurat. saintjak-intjak belasting bae, direct atawa indirect, hadena mah koe Goepermen bae loerah-loerah teh bere bajaran sapantesna, da gawena oge lolobana mah asa teu keur somah sagg noe teu oeninga, ah pirakoe tjobi bae taloengtik.

Djabi ti eta hakna oge koedoe dioeroeskeun, saperti njanjabaan neangan paling atawa kadjahatan sedjen loerah mah arang langka meunang daggeld, padahal kaloear ti ressortna, tampolana mantja nagara, ngan oekoer reis anvraag, njakttoe deui moen nahan sakitan loerah mah tara meunang paroeroegi. masing saburaha lilana oge.

Tah lebah dinja asa dianaktereukeunana teh loerah mah, kaperloeanana teu dioeroeskeun, kapan pagawe Goepermen sedjen mah, soemawonna loehoer dalah bangsa „waker" oge aja diseboet dina B. B. L. ari loerah, ajeuna rek dioeroeskeun koe R. R. bet koedoe ti somah keneh bae, teu ganti roepa atoeh, padahal aja kai roeboeh di djalan ninggang kawat, loerah koedoe pangheulana migawe, sakitoe bagean Rengentschapwerken oge, aja serdadoe baris (oefening) loerah keneh tjoekah tjikib, aja pesta di nagara, nja loerah toekang ngaramenamena. koe toempeng tea, koe djampana tea, koe rengkong tea, soemawonna oepama nagara keur aja karerepet mah saperti dina Novemberdagen waktoe kominis ngamoek, mondok moek handapeun djambatan kareta api, lali rabi tegang pati, tjoel naon tjoel naon, boga patjoeleun oge ngahgar taja anoe ngoeroes, radjeun balik ka imah njampak kedjo powe djeung sambel djodag, parandene kitoe nimat bae da koemawoela toetoeroenan, tjenah djamakna.

Ras inget kana kasaoeran, doeka toean Residen doeka wakilna, dina taoen 1919 waktoe nibakeun bintang ka loerah Beor (Tjitjalengka) Tjimareme djeunh noe sedjen. hidji-hidjina mah doeka teuing poho deui, kieu saoerna: „Gij, dessahoofden, gij zijt als het ware het fundament van de Ned: Indische Regeering", Eta kasaoeran pangagoeng teh inget bae koering mah; naha enja loerah teh djadi saoepamama tatapakanana pamarentah kitoe. Moen enja naha atoeh bet diapilainkeun, dibere hasilna lain ti pamarentah, sing bener naha eta kitoe tjoekoep koe 8% bae, nja moen padjegna poeloehan reboe mah aja eakadar, orokaja, noe ngan oekoer 8 atawa 900 roepiah djoemblah djamblehna, paling gede sareboe perak peresennanana meureun f 80,— sataoen alias genep perak lima ketip seteng ti goepermen mah saboelan, nja meudjeuhna bae aja boeroes hiras keneh oge da teu nitih 3 baroe sapowe boeroehna ti goepermen mah.

Angot eta mah ari nendjo petjina, koering mah sok era paradah kana golongan departement naon asoepna, make beureum beureum kitoe diseboet petji sep, eta da aja aksara D. di hareupna; weleh diinget-inget teh naha golongan naon ari loerah bet petjina kitoe, kapan saoer toean Residen (doeka wakilna) taoen 1919, „tatapakan pamarentah" ari petjina kitoe soegan eta mah special keur loerah koedoe sina malawading, S S henteu B B henteu, parandene kitoe ari mamang-mamang loerah mah resep bae kana petji teh.....sakitoe mahalna oge.

Malikan deui hal gadjihna keur loerah, meunang moen R. R. rek ngoeroeskeun moepakat pisan, malah mistina ti bareto. da ajana oge loerah teh teu anjar-anjar, ngan oelah ti somah mentaan doeitna, koedoe dipangmentakeun ka Pamarentah, da pagaweannana oge lolobana djang Pamarentah.

Dina Sip. No. 33 taoen ieu, diseboetkeun kieu. Malah geus biasa noe dipilih kana loerah djeung ponggawa noe sedjen teh, djelema-djelema noe sakira bakal eleh koe somah. Eta teh lain kitoe, somahan teh marilihna pikeun loerah, milihan noe bakal njaaheun ka manehna, lain noe sakira bakal eleh. Tapi nadjan meh kabeh somahan teh marilihna djalma noe sakadar njaaheun, ari geus „djadi loerah" mah teu beda bae djeung pakakas pamarentah, lain pakakas somah, nalapoeng noe ditjileuk memeh djadi koe somah teh, keuheul noe aja, hak ngeureunkeun teu aja, aja oge beunang diseboetkeun teu aja bae, da somah langka hasil ari hajang ngeureunkeun loerah teh, noe matak gadjihna koedoe ti Goepermen, moen pagaweanana tjara ajeuna mah.

Eta loerah-loerah ambih kentjeng ka somahan, heug ajeuna rek digadjih tapi gadjihna doeit ti somah keneh, djolna teh R. R. ambeh diseboet dibajar koe R. R. kitoe.

Ngeunah Ehe teu ngeunah Eon.

Ari kakentjenganana bangsa ajeuna ka somahan, tjeuk koering mah asa koerang koemaha sakitoe mah, sanadjan samemehna djadi disangka bakal sakira eleh oge; hanas eta aja elehna, moen aja elid eta, atoeh pantes bae da loerah mah hiroepna ti somahan.

Hajang teuing terang, moen loerah loerah kadjadian digadjih koe doeit ti Pamarentah atawa ti R. R. woengkoel, tada teuing bae koedoe kengkengna meureun, waaah koemaha meureun!

**Seubeuh Madjeg.**

B. masin.

---

## Dangsa noe model baroe.

Pamanggihna toean Henri Borel.

Henri Borel ngaloearkeun pamanggihna dina soerat kabar Haagsch Maandblad kieu critiekna.

„Oerang teh ajeuna mah, oerang teroes terang bae jen dangsa noe pang beh dieuna, saperti Foxtrott, Boston, One Step, Two Step, roepa-roepa Blue, Shimmy djeung Charleston teh enja-enjana pergerakan badan anoe goreng (hina) kabina-bina: gagaleongan, oenggoet - oenggoetan, atjreug-antjreugan, poepoentiran anoe siga ampoeh madjar pantjoeh, kewes, pantes teh, enjana obah badan anoe sok sokanana kana djorang.

Bisa djadi aja noe njempad sarta teu narima kana ieu basa, tapi moen inget kana loekakna, kawas moal aja indoeng anoe roedjoekeun.

Lain bae gerakna badan dina dangsa, tapi moesik deuih anoe ngahoedangkeun kana kadetean katjentilan.

Henteu pisan-pisan koering ngahoeroen soeloehkeun ngahompet daoenkeun jen oenggal boedak awewe atawa noe geus baleg ngarasa, da moen seug karasaeun tea mah sakoemaha teuing pisebeleunana atawa teu resepeunana kana moal daekeunana adjret-adjretan teh. Anoe djadi bahajana (ria) tea nja ieu pisan teu boga rarasaan jen maranehanana teh tjentil, goemeulis (koemasep).

Dina oenggal tempat dangsa oge rasana noe rea biasa, asa teu ria, koe siga enja, pantes, gandes kewes toengtoengna kapan paaloes-aloes, ngadoe kategepan, kagindingan ka...... latjoeran.

Malah noe pangpangna tjilaka teh ana geus digelokeun, saperti poegoeh poegoeh goreng hajoh diseboet pangbisana.

Sakoemaha pibasaeunana oge jen euweuh kagorenganana, tapi da kabirahian mah ongkoh bisa disoempoetkeun nja kagorenganana teh, nawoekoe.

Geura eta bae silih kaleng, ajang-ajangan, dina dangsa djeung awewe sedjen geus pagawean bina pisan, katambag lalaki djeung awewe sasat sili rangkoel di tempat djelema rea, di mana aloesna?

Ari patangkeup - tangkeup lalaki djeung awewe tea moal soetji tina sagala bed koedoe aja kerenjedna, ma'loem rea oerat kabirahian kahoedang, saha noe pertjaja?

Rea dongengna sarta tjaritana ti baheula oge hal tjampoerna lalaki djeung awewe dina dangsa moal bisa djadi ieu dina dangsa teh tempatna nembongkeun kahormatan lalaki ka awewe, saperti baheula djaman „ridder" (menak) ka para istri.

Dangsa doe ajeuna mah, ngan tiba toetoeroeti, niron noe haheula, da saenjana mah tempat nembongkeun kahirahian, lain nembongkeun igel.

Dangsa Shimmy Charleton lain tongtoneun ngahormatna lalaki ka awewe, tapi bobogohan maloeloe; djeung deui rereana dangsa kaajeunakeun noedjoel kana ngahoedangkeun kabirahian.

Geura tetelepek ka bangsa doktor, psychiaters djeung gynaekologen, matak reuwas pisan katranganana teh, nja eta boedak awewe anoe diadjar dangsa ajeuna tereh begera.

Tjeuk koering mah eta deui moesikna anoe pangpangna ngahoedang rasa kabegeran djeung kalatjoeran teh.

Padahal moen maranehanana inget jen achirna matak roeksak, tjilaka (ngoesik-ngoesik oela mandi, ngahoedangkeun matjan toeroe) tina hal kabirahian, meureun pirakoe digedekeun.

Geura oerang njeueung toean-toean djeung njonja-njonja dina tempat dangsa, djigana mah toean djeung njonja anoe adabaneun hormateun, da keur salaletra teh, ampoeh loenggoeh, tjindekna pikaserabeun bae, tapi na ari geus broeng moesik tarompet badjidor keset biola, ngakngekngok gerang-geroeng bleg maoeng saperti sora cello Awewe tjentil ti tadina, darete, nja ting arente, atjreug-atjreugan, adjret-adjretan.

Les leungit tanpa lebih hormateunana, pikaserabeunana teh, anoe ampoeh loenggoeh teh toean anoe dipikaisin tadi, ajeuna mah silih tangkeup djeung awewe galajang geuleujeung, awewe moentang ka pameget bari silih dedetkeun, ngarah haneut, pabisa bisa ngahoedang rasa kahinaan antara lalaki djeung awewe, badis oerang Neger anoe teu njaho tata basa, tjara hajam.

Hidji anak lalaki, anoe njeueung indoengna kitoe lakoe, pirakoe tetep isinna koe iboe.

Hidji boedjang djekekan, njeueung beubeureuhna ditangkeup batoer, pirakoe teu timboeroean, pirakoe teu moelangkeun omong; tadina mah doenoengan, djoengdjoenan boeah ati, saperti nanggeuj endog beubeureumna, ngan tiba neuleu, ngarampa mah, djaoeh ari miboga onaman moal, ari ajeuna digoegoeloeng batoer pirakoe teu tjameroet.

Panoetoepna tjeuk toean H. Borel: Sakali deui tjeuk koering, oelah beunang dibobodo, kasangling koe djiga teu matak naon-naon eta dangsa model baroe teh, da saoer „professor" na oge teu aja matakna tjangtjalana dina dangsa Shimmy Charleton.

Sanadjan professor doktor omongna kitoe, ari bina mah tetep bae jen atjreug-atjreugan, poepoeihan adjret-adjretan teh, asal ti oerang Neger, dibawa ka Eropa toeloej direpea, lain pakeeun djelema loehoeng pikaserabeun.

Djedjeretean dina Charleston teh lain bae tjeutjeub neuleu, tapi oge asalna tina djerete sato keur beger.

Saperti dangsa Neger Revue Black People, anoe saenjana lain noe toelenna, geus kanjahoan koe oerang, kahinaanana sipat kabewanan anoe aja di manoesa.

Dangsa Menuet van Mozart een Gavotte van Bach. Walzer van Strauss ditimbong djeung Jazz-Bandd kanjahoan tatandinganana dangsa baheula djeung ajeuna, oepama koe noe darangsa tatjan katintjak, nja moal kanjahoan bedana noe sakitoe rongkahna. Malah tjeuk noe ahli dangsa dina djaman baheula aja katjapangan saha-saha noe mingsal tina patokan anoe geus ditangtoekeun eta kaasoep djelema goreng.

Tangtoe pisan goreng soteh, tjeuk batoer da tjeuk noe ngalalampahkeun mah, mana dipigawe oge, teu karasa.

Moega-moega bae sasalad resep dangsa model baroe teh geura geura moesna nepi ka toeroenan oerang oge katjida mojekna djeung djaridjipeneunana.


# Lot PROTESTANTSCHE WEESHUIS, SEMARANG

Hoofdprijs f 150.000.— Tarikanja 1 Juli 1927

*Harga satoe lot:*

**11**[35] kaloe kirim oewang lebih doeloe atau 11.75 dengen rembours. Trekkingslijst di kirim pertjoema.

**Horlodji Cyma**

ada sama baiknja sama laen² merk jang terkenal. tetapi kita djoewal Cyma banjak lebih moerah. Tandinglah harganja:

*Horlodji kantong*

| | |
|---|---|
| nikkel | af 10.— |
| „ | „ 14.— |
| mas, enkelkast | „ 45.— |
| Chronometer, mas enkelkast | „ 55.— |
| Chronometer, mas dubbelkast | „ 75.— |
| merk Enigma | „ 4.50 |
| „ Mysteria | „ 6.— |

*Horlodji tangan pesagi*

| | |
|---|---|
| nikkel | „ 15.— |
| doublè | „ 20.— |

Vulpenhouder moerah dan baik *pake pen dari mas 14 car.*

| | |
|---|---|
| merk Lugard .... | af 3.25 |
| „ Express .... | „ 3.75 |

**ANG SIOE TJING**

Slompretan 4, Soerabaia.

*Mintalah kita poenja prijscourant jang lengkep.*


## Benoeman Lid-lid Volksraad.

1. Tenkoe Nja Ario ti Kotaradja.
2. W. van Baalen (Middenstand) Batawi.
3. A. B. Ten Berge I. K. P. Bogor.
4. Ir. G. Diephuis maskape-maskape tram Semarang. 5. Rd. Dwidjosewojo B. O. Djogja. 6 Dr. Han Tiauw Tjong Pakalongan. 8 Mr. C. C. van Helsdingen C. E. P. Batawi. 9. Mr. J. A. Jonkman persatoean koelonwetan Batawi. 10. Th. Ligthart Javasche Bank Batawi. 11 G. J. van Lonkhuyzen C. E. P. djeung federatie Batawi. 12 W. Middendorp Assistent Resident Watampone I. S. D. P. 13 Todong Gelar Soetan Goenoeng Moelia C. E. P. 14 J. F. Monod De Froideville I. K. P. Leeraar H. B. S. Batawi. 15 Prof. Mr. A. S. Oppenheim B. P. M. Batawi. 16 J. J. B. Ostmeyer N. I. V. B. Wethouder Bandoeng. 17 A. H. Pauw wd. Voorzitter Suiker-Syndicaat Soerabaja. 18 Ir. J. J. G. E. Ruckert „Locale Belangen" Semarang. 18 R. Soetomo Dokter Soerabaja. 19 J. E. Stokvis I. S. D. P. Bogor. 20 Tjia Tjeng Siang Poentianak. 21 Tjokroaminoto S. I. Soerabaja. 22 N. van Zalinge C. E. P. 23 Pangeran Moehamad Ali Bandjarmasin.

(A. I. D.)

## Pikiran !

Riab Soenda ka mana mana,
ngadongdon noe dipiomong,
peungan noe dipitjangtjam,
ngilari bet kapi boeri: **poös !**
Njaroesoel noe djaoeh,
ngaroedag noe anggang,
maritjeun noe deukeut,
pamali kaloeli-loeli: **balatak** !

*

„Asda !" sanggem koering ka boedjang.

„Tjokot **aschbak** dina medja di tepas !"

Berebet boedak teh loempat ka hareup roemasa keur koemawoela roepana. Teu lila djol deui datang: „Teu aja !"

„Hah, euweuh !"

Barang diteangan koe koering aschbak mah aja dina medja, **ngan teu njahoeun naon ari aschbak teh.**

*

Tuh lebah dinjana hesena neangan kamadjoean teh, neangan kamerdikaan teh, neangan zelfbestuur teh, neangan enz. enz. teh.

Tjitjirikik, atoeh, tjitjirikik, **ambeh** gampil neanganana.

Bangkala neangan koedoe poegoeh noe diteanganana, kakara gede pangharepan kana kapanggihna.

Bet ieu mah:

Djol djago, simanahoreng djadjagoan moen di sawah. Beukah ti heula, tapi da djoekoet,, teu sapira goenana, da djoekoet, djoekoet keneh bae.

*

Tjitjiren pare keur beukah, madjoe kana rampak, diadiagoan ting aroe lang kaanginan, katebak koe angin barat

Boel noe ngarawoen di saoeng bari mapatkeun adjianana.

**M. G. K.**

Timbang-Windoe 8/3 1927.

## Orgaan Pasoendan.

Ari satadina mah koering teh, teu boga niat rek njaritakeun orgaan Pasoendan, sanadjan geus aja oge dina S. M. No. 7 seratanana Djoeragan S. tina bab ngaran orgaan Pasoendan, koedoe tetep „Somah-Moerba", tapi barang matja seratanana Djoeragan A. a. dina Sipatahoenan No. 33 anoe henteu sapagodos (pabentar) sareng kapalajna Djoeragan S. nja kapaksa oge djisim koering teh miloe djaboeng toemalapoeng malak mandar kamanah.

Samemehna djisim koering njarioskeun anoe patali sareng ieu perkawis, bade ngoeninga heula, nja eta maksad djisim koering moal pisan beurat sabeulah, moal ngemoetkeun ka Djoeragan S. atanapi ka Djoeragan A. a. anoe bade diemoetkeun teh taja sanes moeng „Pasoendan".

Waktja balakana bae, djisim koering henteu ngaroedjoekan kana ngagentos ngaran ieu orgaan, djabi ti teu atjan katingal pimangpaateunana teh, anoe poegoeh mah matak ngawoewoehan damel ka Redactie sareng ka Administratie, mangga manah:

1. Kedah maparin adres deui ka Postkantoor.
2. Kedah nembongkeun tanda tangan sareng machtiging ka Postkantoor.
3. Toeroeg-toeroeg koedoe majar.

Nanging oepami parantos tangtos pimangpaateunana mah, teu aja pamenganana sanadjan digentos ajeuna keneh oge, moeng djisim koering henteu nanggel baris tiasa langkoeng beres ti batan anoe parantos.

Djabi ti njesahkeun ka Redactie sareng Administratie S. M. teh, malah njesahkeun oge ka Administratie serat kabar anoe sanes, nja eta kedah ngarobah adressenboekna, djalaran Redactie S M. teh nampi ruilnummers moal kirang ti 8 roepi serat kabar. Djadi tetela pisan koe ngarobahna ngaran orgaan teh matak njoesahkeun ka sarerea, padahal ari anoe dipambrihna mah asa teu sakoemaha, pilakadar moeng ngajoenkeun djalma saoerang anoe moelangkeun orgaan tea. asa teu pira teuing.

Geuning Sipatahoenan oge, henteu diganti ngaranna, padahal ari anoe henteu pajaan mah dimana-mana oge nja aja bae, pedah rada katowel koe Si Rodamala geuning make pararoendoeng.

Pasoendan perloe ngajoenkeun kabajangna leden. tapi kitoe oge anoe moenasabah, anoe aja mangpaatna keur pagoejoeban, djisim koering rada pertjanten oge kana kabariwangna Djoeragan S. nja eta, oepami ngaran orgaan didadak digentos anoe kirang sah sabab-sababna, matak ngabarobahkeun kana kaajaan leden, sanadjan saoer Djoeragan A. a. tiasa oge kadjantenan, tiasa oge henteu, moeng oelah gana-gana bilih aja matakna.

Perkawis panjakit di mana-mana oge tangtos aja, malah sakapeung mah dina pakarangan oerang oge, tara koerang gogodan anoe ngaharoe biroe kana kawarasan oerang.

Kantenan kamanah, panjakit loear langkoeng gampil ngoebaranana ti batan panjakit djero.

Sakali deui djisim koering njobatkeun, henteu ngaroedjoekan kana ngaganti ngaranna ieu orgaan samemeh tjekap kateranganana.

**Bakrie Soeraatmadja.**

N. B. Koe panoehoen djisim koering mah, oepami kamanah mah minangka voorstel ieu teh. Poetoesan Congres bade ngaganti ngaran orgaan teh, oerang batalkeun bae, koe H. B. dibewarakeun ka oenggal tjabang, atanapi tjabang-tjabang dipoendoet timbanganana tina perkawis ieu.

**B. S.**

Panjamboeng:

Djisim koering oge noe diemoetkeun teh kamadjenganana pagoejoeban „Pasoendan" Hanas eta teu kersa ngarobah, margi ngawoewoehan damel, eta mah moal pandjang ditjarios, sadaja-daja koemaha Hoofdbestuur sareng koemaha timbangan noe seueur, asal bae sadaja sing woewoeh getol ngamadjengkeunana pagoejoeban sareng oelah poendoengan.

**A. a.**

## Agama Sip. No. 35.

Katraugan noe pondok tina g. madjar diganti koe k.

**(Samboengan).**

„Piddini ikoe sangagama„ tah tah didieu aja basa piddini Arabna, sangagama djawana, mangga taroskeun ka Djawa soendana basa Sangagama engke djadi senggak kapiasem, da ari koering naroskeun ka sepoeh mah basana ngan kieu, sangagama = sanggama troes goemoedjeng, anoe mawi koering ngabenerkeun Akama ngadjadikeun Agama sanes g diganti koe k, eta sanes moeng oesoel-asalna bae orog djadi orok eta sanes ketjap koering, nganjatakeun ketjapna noe boga toelis, tjeuk koering oge teu tjotjog sareng manah djoeragan kadjeun, ngan eta bae djoeragan Hasan Moestapa sareng Adjengan Moechamad Sanoesi koe djoeragan M. A. parantos di poedji-poedji doegi ka disebat Djoemhoer kari kari ladjeng dihinakeun eu koering katjida teu mikeunna, ari kahojong waktoe njarios tadi oelah di sebat-sebat djinisna, njeratmah njerat bae, oelah di djoengdjoeng tras di rarad kirang sae tjeuk piwoelang djawa noe oengelna kijeu.

Dangdanggoela.

Odjo siro mangeran mas Pitjis, lawan odjo mangeran boesono, odjo mangeran kabisane. odjo mangeran lakoe, amoeng tegoehe reki, odjo mangeran djoppo, odjo ngoenggoeng el moe, ikoe kabeh sija sija, kang saweneh anggoegoe kaweroeh pirbadi, ikoe siro sirika„e„

Djoeragan M. A. parantos bae sakijeukeun bae ijeu mah. djoeragan kitoe, abdi kijeu sami-sami merdika abdi neda liren margi keur ngemoet-ngemoet Padjeg Anjar, pikeun abdi tetep bae. Ari Agama teh = Agemi-Agemi Angati-Angati.

**H. Proewito.**

(*) Djoer. H. Proewito, ngadongeng **sanes** lepat, nanging kalebet keur noe maos (nongton) kirang sae nanging keuna oge kana djawaban, pikeun tegenstander Red. teu tiasa rempag.

**Red.**

## Makan pagi.

A: Lamoen oerang **pach**, tah njawana di mana?

B: Bisa djadi, aja di mana bae.

A: Naha kiiitoe ???

B: Nja eta koe kitoena, djelema teh sok njiar-njiar pikabingoengeun sorangan, **lamoen-lamoen** dipikiran

A: Eta bae geuning aja basa „ditioeng memeh hoedjan"; mikiran anoe baris kasorang, soegan bae djadi hadena, lantaran di enteng-hanggana, meureun bisa **kanjahoan** t i a j e u n a.

B: Hadena soteh. lamoen **bener** ti **ajeunana.**

A: Bener koemaha? kapan ajeuna ge kirang naon?

B: Naha ari noe geus taja kakoerang (djedjeg tea), sok masih keneh ngoemaha atawa toenjoe-tanja ka batoer noe liau ti manehna?

A: His! eta mah .....

B: Tong Hashas-hishis!! Sing roemasa bae, andjeun teh keur **kalao,** leungiteun **Goesti sorangan,** panoetan disapirakeun, kabengbat salah panjana, samaroek beunang koe sangki, teu njaho „tjiptaan panggembang rasa"

A: Naha andjeun noe matak bisa **njaho ??**

B: Njaho bae, noe kitoe-kitoe bae mah, da tapak sorangan, oeroet sorangan.

A: Naha atoeh dieunteupkeun ka batoer? Koemaha moen teu meneran?

B: Ieu oge, teu niat ari kana ngeunteup-ngeunteupkeun mah; kadar eta mener henteuna, silaing noe boga bagian, da meureun karasa da **rasa** mah di sarerea.

A: Ari **enjana** mah poegoeh enja, karasa pisan. Ngan eta bae, koe teu kaharti perdjalananana.

B: **Moal** kaharti. da tjan **njorang,** di mana rek pikarasaeun.

A: Sanes kitoe, tjik atoeh ajeuna mah sakalian bae, neda dipasihan hongbolongan !

B: Ari hongbolongna mah, gampang, **koedoe daek prak koe maneh** bae. Engke, samangsa geus **kasorang,** karasa. Pek, tjarita! (Lamoen daek kitoe soteh). Batoer noe ngadengkeun atawa nanggap.

A: Koemaha moen **salah ???**

B: Noe e n g g e u s tara aja **salahna,** anging **kadjadian,** anoe pait peuheurna, tandanganeun tampaeun oerang sorangan. Tah, lebah dinja, anoe tjeuk kolot: koedoe **sabar** djeung **tawekal,** prihatin raga djeung njawa, taja geusan pakoemaha, anoe **estoe** (moen rek moentang tea mah) **beunang dipertjaja,** anging anoe satoehoe.

A: Eta make **diangingkeun.** kawas **aja** noe beunang dipertjaja?

B: Poegoeh, tapi **oelah kadoea** oerang.

A: Koemaha da **loembrah** geuning, aja **bener** aja **salah,** di sarerea oge??

B: Eta mah **salah** djeung **bener.** woengkoel **paranti dikaloembrahan** pek pikir, „ari **llah,** loembrah djeung saha"? kapan teu **batoeran.** Geuning basa kawin andjeun oge kongsi nge-


Na djoeragan teu atjan oeninga kana boekoe **„Wajang Poerwa"** pangaosna f 1,25 sareng boekoe **„Democratie"** pangaos f $0,12^5$ kaloearan Pasoendan Tasikmalaja. Oepami teu atjan enggal pesen.

9

**Schoenmakerij en Kleermakerij**

**„Malah Mandar"**

Stationsweg. 21 Tasikmalaja.

**Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.**

**Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda. Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.**

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen

**O. Sasmita.**

**N. B.**

| | |
|---|---|
| Toedoeng Panama | |
| noedidamel tina palm | f 8,— |
| „ „ „ djakai | f 2,50 |
| strobin (pamoelasna) | f 0,25 |

## Al-imtisal

Serat chabar basa Soenda diboekoekeun kaloear sasasih 2 kali njarioskeun agama Islam woengkoel, diserat koe hoeroef Walanda iwal dalil-dalilna

| Pangaos langganan | Pangaos advertentie |
|---|---|
| pikeun di Hindia | ½ katja . . f 4.— |
| 3 Sasih . . f 1,20 | ¼ „ . . f 2.— |
| loear Hindia | ⅛ „ . . f 1,25 |
| 3 Sasih . . f 1,80 | (dimoeat sakali). |
| dibajar ti pajoen. | Langganan langkoeng mirah. |

Padamelan atanapi barang dagangan anoe dimoeat dina advertentiena, tangtos bae enggal mashoerna enggal kaoeningana koe djalmi seueur margi: Al-imtisal prantos gadoeh langganan tjekap seueurna.

Noe ngadjeng² Adm. Al-Imtisal
di Stationweg
TASIKMALAJA.

## TEGELFABRIEK

## „NAJA"

Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.

**Toko en Drukkerij Pasoendan**

**T a s i k m a l a j a.**

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng aosan sepoeh anom.

Nemte medal wawatjan Angling darma f 1.75
Ww. Sadjarah K. N. Moehamad (ngamanah 10, ongkos vrij) f 0,25
Goeritan sakola f 0,06
Neng Hajani f 0.50
Paririmbon sepoeh f 0.15
Biantara Democratie f $0\ 12^5$
Batararama 3 djilid f 1 50

Djabi ongkos ngintoenkeun.

## *Hatoer oeninga !*

Toko Soenda, midamel babakan, tebihna ti Aloen Aloen Tasikmalaja, nganggo delman ¾ djam, kareta mesin ½ djam, auto ¼ djam. malah ka telahna oge Babakan Soenda bae, ieu Babakan di damel tempat pikeun plesiran. goena kasenangan sareng sport, disajagikeun roepi-roepi kaamengan, di sitoe njondong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging dianggo sapamili, kakiatan 24 panoeempang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging dianggo pelesiran. sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi katoeangan, sareng leueuteun, oepami anoe bade lebet, kedah majar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa, Noe njandak kareta mesin, di sajagikeun tempat moeng kedah meser nomer 2½ cent, soepados oelah itjal sareng ngagampilkeun ka Pangoeroes.

**B. S. A.**

# Milari langganan.

Oepami djoeragan noedjoe teu damang lantaran soengkawa manah, oelah lali kana boekoe wedalan **Boekhandel en Uitgeverij „Tjikiraj"** sapertos:

| | |
|---|---|
| Waw. Ardjoenawidjaja . . . . . | f 1.— |
| Waw. Kiamat Leutik . . . . . | f 0 30 |
| Tjarios **Pegat toendangan** . . . . | f 1.10 |
| Hojong kagoengan garwa noe anom . . . | f 0.50 |
| Waw. Anglingdarma I . . . . . | f 1 75 |
| Waw. „ II . . . . . | f 1.50 |
| Waw. Naraka Doenja . . . . . | f 0.40 |
| Djoemblah pangaos . . . | f 6 55 |
| ongkos ngintoen rembours . . . . | f 1.45 |
| Pangaos sadaja . . . . | f 8.— |

namoeng oepami djoeragan ngintoen postwissel f 4.— tangtos eta boekoe sadajana dikintoen franco doegi ka boemi djoeragan. Ieu atoeran kangge reclame moeng doegi ka sasih Maart '27 bae, salangkoengna kedah pangaos biasa.

*Noe ngantos-ngantos pesenan*

Boekhandel & Uitgeverij TJIKIRAY
**Soekaboemi.**

**Toko Boekoe**

# WEBER

**DJALAN STATION № 12. .*. TELF. № 13.**

**Prijscourant Anjar.**

Parantos sajagi:

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscourant kenging dipoendoet di Toko atanapi koe kartoe pos.

**Hoermatna**

**H. E. Taijlor Weber.**



**Ketoe Oedeng Makerij**

# HALIM

**West Passr straat 16 Pandoeng**



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.a.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraasna noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djonas enz.

pokkeun: „kaoela njaksi, teu asa-asa, teu djiga d:iga, .tetela katjida kana saenja-enjana . . . . dj. s. t., lain kitoe? Naha eta ngoetjapkeun „kaoela njaksi" teh, woengkoel pangaNggoeran atawa kapaksa bae? Naha lamoen kitoe teu kaasoep saksi palsoe,?

A: Beu, ari nepi ka dikitoe-kitoekeun teuing mah, poegoeh ge sesekelan woengkoel.

B: Tah, nja eta noe dibasakeun „kadjar-kadjar kahoeroean, atah adjar panggoeroean",; biasana memeh karasa kadatangan koe sorangan, sok geus bogoh nepa-nepakeun ka batoer noe tjara manehna keneh, saroea djeung noe lolong noeNgtoen noe lolong, djadi „sarikat dikapowekan." Sameureun „bale Bandoeng s" raboel ngidoel, naloetoer noe kapitjatoer; riab ngetan marapaj noe katjarita; ka kalarer, naleugteng noe kapilemek; rob ka koelon, ngadongdon noe kapiomong. „Mana boreng omong woengkoel, boekti mah, k o e m a h a sia.

???

## Malaria.

Hidji panjakit noe katjida ngaroeksakna ka djelema rea, tjek koering malaria. Dibandingkeun sareng kolera atanapi pest oepami dipikir pandjang asa ngaroeksak keneh Malaria, margi ari noe keuna koe kolera mah harita maot atanapi tjageur, nja kitoe deui noe katerap koe pest nepi ka ajeuna tjek laporan tatjan aja noe tjageur deui. Djadi ari kolera â pest mah oepama matak maot nja maot, oepama tjageur teroes tjageur, teu tjara sesa malaria ngageunggeujeung teu tjageur enjaan, siga geus tjageur brek deui brek deui. Nepi ka aja noe saoemoer-oemoer teu tjageur panjakit malariana. Koemaha da eta, tjageur henteu neat paeh henteu hos, digawe teu bisa barangbakan koedoe. Noe matak tjek koering djahat malaria batan pest.

Pamarentah teu woedoe oge hajang ngabasmi eta malaria di tempat-tempat noe katerap malaria. Ngan asana teh tjek koering mah naon sababna kakara dibasmi oepama geus katerap, ari benerna mah mending nolak memeh katerap. Tjing leresna mah di sakoeliah Hindia bae kedah aja malaria bestrijding, da asana teh di mana di Hindia noe tatjan aja malariaan.

Bandoeng, Tasikmalaja oge ngan teu pinoeh bae, ari reana mah rea djelema noe katerap koe malaria.

Djalanna ngabasmi tjeuah koe mitjeunan tempat reungit ngendog, kajaning tjai-tjai noe tjitjing koedoe sina palid atawa disaatkeun.

Oebar noe malari pel kina biasana mah. Ah koering mah da lain doktor dina ngabasmina mah koemaha ahlina (deskundigen) bae. Ngan kahajang teh di unggal tempat aja malaria bestrijding.

Koemaha djoeragan-djoeragan Lid Raad Kaboepaten? Sapalih mah Kaboepaten parantos ngintoenkeun pimantrieun malaria. Koemaha Tasikmalaja?

Djeung ka sadaja tjing taroeroet oepami aja noe marentah, soepaja tambah kasehatan oerang sarerea.

Hr.

## Handenarbeid.

Sanadjan djedjer ieu tjarios oieh-oleh tina kempelan P. G. H. B. anoe kamari di Djogdja, tapi koe lantaran katimbang koe koering (noe laladjo) perloe oge dioeningakeun koe noe sanes ti goeroe, sanget paneda ka djoerg. Redactoer Sip., soepaja hal ieu dilebetkeun didamel artikel.

Eukeur mah Congres sakitoe ageungna, katoeroeg-toeroeg noe dibarempoegkeun sakitoe pentingna pikeun pangadjaran mah, atoeh rame lain di kieuna, rame pada ngabidjilan hodjah.

Ti salasawios noe njararios tea, aja anoe kinten-kinten kieu tjariosanana:

„Djoeragan Voorzitter sareng pabadreng! Saparantos djisim koering ngoeping pauerangkeun djago-djago P. G. H. B. bieu anoe doeaan, setem djisim koering djadi bingoeng, maua anoe koedoe ditoeroet, ngoeping ieu bener, itoe beneuh,.

Bakating koe barinangkit noe njararios, mani hajang njoeplak tendo (da ari topi mah teu gadoeh). Tapi sanadjan kitoe soepaja oelah djaoeh-djaoeh pandjang gagang, koering bade nerangkeun oge sakadar pamendak malak mandar aja poepoerieunana.

Menggah koering mah katjida pisan rempoegna kana handenarbeid teh, moepakat oerang priboemi dipaladjar hal ieu, sarta oerang perloe ngadjenan kana ieu elmoe, ngan lamoen tjara noe diadjarkeun ajeuna di sakola-sakola klas II pikeun djisim koering mah aja tapina, sarta tapina teh lain hidji bae, tapi doea tiloe terkadang leuwih ti lima genep.

Tapi anoe mimiti pisan nja eta: Tadi ditjarioskeun ari di sakola klas II mah ngan pikeun grondslagna bae, teu koedoe diadjar nepi ka bisana pisan. Ieu teh koering mah teu bisa moepakat, ari sababna sok inget ka noe njieun imah. lamoen pademenna henteu tohaga tangtoe imahna moal piaweteun, rejod tereh roeg-roeg soemawonna ieu mah pikeun baroedak anoe sakitoe laleutikna keneh waktoe kalaloearna ti sakola. Eukeur mah pangarti ngan oekoer taram - taram, tjoel tara dipilampah deui da katonggojkeun koe oeliu, atoeh beuki poho, boleh djadi djadi leungit kabisana teh.

Geura mangga maranahan, sok soemawonna pangabisa pantar kieu, eta bae pangadjaran sakola sapapoë pohona (verleerdna) tah tabari pisan.

Tjenah eta, koedoe ditoeloejkeun ti sakaloearna ti sakola. taja petana bisa, sabab moal aja noe mikaboetoeh kana beubeunanganana, lantaran sahadena oge beunang boedak, diajana ngan sakalieun tamba woedoe mangkaning ari djidjieunan ngan oekoer sindoek siwoer bibid djeung sabangsana.

Koe euweuhna noe ngahargaan tangtoe taja petana daraekeun noeloejkeun baroedak teh, kahamboerhamboer bahanna bae. nja bisa djadi ari hidji doea mah aja. nja eta sakoer noe boga bakat.

Tatapi anoe kadoea. Ajeuna parabotna djeung bahanna ti mana eta teh? Naha ti goepernemen atawa ti saha? Pamarentah mah taja petana maparin doeit keur noe kitoe sabab noe diheulakeun teh uitbreiding poelisi djeung militer.

Djrg.-djrg. soemawonna ngaboelkeun panoehoen kitoe kapan panoehoen ngomean positiena goeroe-goeroe oge geus tara direret koe djoeroe panou; noe kieu deui komo.

(Beledag paloena Voorzitter ngadorogdog, nheureunkeun noe njarita koe sabab temponа 3 menit geus beak. Reang anoe moendoet ditoeloejkeun; toeloej ditambahan 3 menit deui).

(Samboengeun).

# K A B A R

(Tina s. k. Walanda)

Lini di Djepang katjida ngaroeksakna. Noe maot aja 2458, noe tatoe 4107, djelema noe leungit 88. 6000 imah beak kahoeroe. 2000 imah noe roeksak.

—o—

Memeh aja karoesoehan koeminis di Soematra koelon, toko N. V. voorheen J. Boon Jr. boeboenian ngadjoealan pestol roepa-roepa ka oerang Si loengkang. Direktoerna eta toko W. D. van Eck.

—o—

Leider koeminis Amat alias Soemarto katangkep di Tjirebon. Manehna digawe di toko mobil Wetters make ngaran sedjen.

—o—

Pagoejoeban „Zomers Buiten" njieun hotel pikeun 800 tatamoe di Lantvoort (Nederland) njadiaan kaoem boeroeh.

—o—

Dr. C. W. Th. Baron van B etzelaar njarita dina algemeene vergadering taoenan Christelijk Historische partij di Nederland, jen nendjo kaajaanana di antara Nederland djeung Hindia ajeuna katjida matak boengahna. Kawadjiban Nederland di Hindia ajeuna nja eta ngaraksa oerang Priboemi kana kagorenganana bangsa Priboemi deui. Pamarentah lila teuing ngantep bae propaganda Moskou di Hindia. Oepama ajeuna mere ampoen (gratie) saroea bae djeung teu ngadjalankeun wet.

—o—

Wakatsuki djeung Tokonami doeanana panoengtoen parte Kenseikai djeung Seijuhonto ngaloeoehan vergadering eta doea parte. Ditjaritakeun babarengan baris ngajakeun koemisi babarengan pikeun mariksa, administratie djeung koemaha politiekna eta doea partte ka hareup.

Isoekna Wakatsuki datang ka Tokonami njaritakeun kaajaan di Tiongkok ajeuna. Tokonami moepakat kana politiekna Shidehara ajeuna tina perkara di Tiongkok. Wakatsuki oge katjida moepakatna jen ajeuna di Djepang koedoe aja politiek noe tetep, sabab kaajaan ajeuna katjida heseua.

—o—

Aja kabar ti Djepang jen kaom Koumintang di Tiongkok djadi doea. Ieu kabar dibantah koe persagentschap kaom nationalis di Hankow nerangkeun jen Chiang Kau Shek tetep satiana kana partena.

Naon noe didjalankeun koe Chiang Kai Shek maksoedna euweuh deui ngan hajang revolutie. Manehna henteu boga maksoed pikeun ngoentoengkeun ka manehna sorangan.

—o—

Hidji kapal terbang hiber ka Tjirebon maksoedna rek motretan. Koe lantaran aja karoeksakan dina motor kapaksa eta kapal toeroen di Ardjawinangoen. Djangdjaugna kapal potong, hadena noe toempakna Liknan Vooht henteu tjilaka.

—o—

Prinses Juliana tjek kabar rek kawin ka Prins. Knut poetra Radja Denemarken nomer doea.

— o—

Koeminis-Koeminis di Chili (Amerika Kidoel) diboeang ka poelo Masafuera. Pamarentah Chili di eta poelo rek ngadegkeun nagara anjar dikapalaan koe poelisi. Eta koeminis-koeminis reana aja ratoesan sarta meunang mawa anak pamadjikanana.

—o—

Bareto pagoejoeban S. D. A. P. di Nederland ajeuna pagoejoeban Vrijdenkers „Dageraad" nelegram ka G. G. soepaja ponesna koeminis hoekoem mati oelah didjalankeun.

—o—

80 Koeminis ti Ambon mangkat ka Digoel.

—o—

Anak poeloeng awewe sersan di Solo oemoer 13 tahoen minggat djeung hidji sardadoe.

—o—

Tjek A. I. D. Padvinders ti Menado rek ngadjadjah Poelo Djawa.

—o—

G. G. ngarobah hoekoeman gantoeng tiloe koeminis Oesin Mardjoeki, djeung Endid bin Saaba noe njieun roesoeh di Karet (Batawi) kana hoekoeman diboei satoetoep oemoer.

—o—


**Preanger Chemicalien Handel**

**Telefoon No 76.**

Selamanja sedia roepa - roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan bekakas potret.

**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Rhemah 18

TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak. damelan pribadoe, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel mas sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wakker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping mepados kaoenaga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**

3 **MAS.**

**Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Europa (England).**

Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Iuditua AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka Karangnoenggal djam 7 endjing
ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sadjaba ti eta,

**TOKO BENG**

**Tasikmalaja Tlf. No. 2.**


**SERAT IDERAN.**

Di soehoenkeun ka sadaja tjabang-tjabang Pasoendan, soepados kersa enggal ngintoenkeun jaarverslagna, margi teu kinten perloena kanggo kaajaan versiag H. B. anoe bade dipidamel.

Sakali deui disoehoenkeun noe estoe soepados enggal ngintoenkeun ka Djr. Wiriaatmadja adres Februari Alaydroes ian 13, adres Maart sateraсna Petodjo Kampementweg No. 19 weltevreden.

Kalawan asmana H. B.
De Secr.
Wiriaatmadja.


**Toko ROEKANTA**

**Lengkong**

**TASIKMALAJA**

Kaos lampoe kompa moerah, koeat 1. f 0,15.

Ketjap Banjoemas raos 1 botol f 0,60

Sareng roepi-roepi kaperloean sadidinten. Mangga bae tingalian.

**Toko Universeel Agentschap**

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA.**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sagala roepi obat-obat patent sareng seueur-seueur deui.

Kenging moendoet preskeran teu kedah ngagaleuh.

Kenging soemping ka toko anggoeun ningalian barang-barang sareng pangaosna.

Kenging pesen sagala roepi barang dikintoen remboes.

Oepami bade nganggo bajaran njitjil oge kenging asal tjekap njaudakna.

Sagala roepi kenging, asal nganggo oeroesan

Ngilari djelema anggoeun dagang ngoeriling dina gorobag noe toko.

Kaoentoengan tjekap, ngan noe dagang kedah masihan boreh sawah atanapi naon bae.

*Hoermatna*

**NIC MULLER.**

**YO TEK SENG**

**(Toko PIRING)**

**TASIKMALAJA.**

**Telf. 70.**

Per S. S. „UARDA" dari Hamburg (Duitschland), kita baroe trima roepa-roepa Stoples dan Winkelfles (keler tempat koewe-koewe). Sebab kita sengadja pesen Winkelfles dengen menoeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoepnja petja, soesa dapet gantinja, sekarang kita sengadja pesen toetoepnja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoepnja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelfles dari kita, kapan toetoepnja petja, bisa dapet beli dari kita dengen barga f 0,75, satoe bidji.

Kita poenja Stoples dan Winkelfles, kita tanggoeng kaloearan Fabriek di Hamburg (Duitschland).

**Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah**

damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan **Tjitjoeroek.**

**PIKEUN SASIH SIJAM**

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, nja eta saroepi ijs sareng sirop, komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoeu rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

**LOTERIJ WANG BESAR**

goena protestantsche Weeshuis Semarang

di main paling laat 1 Juni 1927

| | |
|---|---|
| 1ste prijs . . . . . . . . . | f 150.000 |
| 2de „ . . . . . . . . . . | „ 100.000 |
| dan lain - lainnja prijs sampe . . . . . . . | „ 400 000 |

Harga per lot f 11.— Porto f 0,35. Rembours f 0,75.

Pesen 3 lot ongkos vrij. Trekkinglijst dikirim gratis.

**Njonja TJOA TJOEN GOAN**

Halte Tjitjoeroek (Preanger).